# ПЕЧЕНЕГ ҲӘМ ҚЫПШАҚЛАР АРАСЫНДАҒЫ ҚАТНАСЫҚЛАР МӘСЕЛЕСИ

**Давлетияров Мадатбай Махсетбаевич**
*Тарийх илимлери бойынша философия докторы (PhD), үлкен илимий хызметкер. ӨзР ИА ҚҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институтының докторанты. Нөкис қ., Қарақалпақстан.*

Печенеглер бойынша көпшилик мағлыўматлар олардың Волга, Урал, Днепр, Дон дарьялары бойындағы, яғный шығыс Европадағы тарийхы менен байланыслы. Себеби печенеглердиң Киев русы, Византия империясы ҳәм шығыс Европадағы басқа халықларға қәўип салып турған дәўирдеги тарийхы бойынша көп жазба дереклер сақланған. IX әсир орталарында бирлескен огуз, кимак, карлуклардың топылысынан кейин печенеглер Арал бойларынан батысқа қарай көшип кеткенлиги, бирақ бир бөлеги шығыс Арал бойларында, бурынғы жасап атырған жеринде қалған. Маркварт ал-Масудидиң айтыўларына тийкарланып баджанак, баджна, баджагард ҳәм нукарда болған төрт қәўим ҳәмде бирлескен огуз, карлук, кимаклар арасында Джуржания көли (Арал теңизи)не жақын жерде үлкен урыс болғанлығын айтады (Кляшторный, 1989, 212 бет).

Дереклерде печенеглер менен түрклер тил жағынан жақын болғанлығы келтириледи. Мысалы, Берунийдиң мағлыўматларына қарағанда Хорезм менен Арал теңизи ортасындағы аланлар ҳәм аслар хорезмлилер ҳәм печенеглердиң араласқан тилинде сөйлекскенлигин айтады (Кляшторный, 1989, 224 б.), сондай-ақ, печенег тили ески түрк тиллер системасына киретуғынлығына келтирилери (Толстов, 1948, 245-246 бетлер). Ал Плано Карпинидиң мағлыўмат бериўинше қаңлылар (кангитлар) коман тилинде сөйлескенлигин айтады (Толстов, 1948, 24 бет). Руўлық жақтан печенег ҳәм қыпшақларды тарийхта қанғар, қанғарлар, қаңлы атлары менен белгили болған урыў-қәўим бирлестиреди.

Печенег ҳәм қаңлы дегенде негизи бир халық нәзерде тутылатуғынлығы дерлик барлық дереклерде, тарийхшы алымлардың мийнетлеринде көриўге болады. Себеби печенеглердиң пайда болған ҳәм дәслепки жасаған жери бул қублы-шығыс Арал бойлары екенлиги белгили. Көбирек тарийхшы сыпатында белгили болған Византия императоры Константин Багрянородный өзиниң баласы ҳәм мийрасхоры болған Романға өзи жазған «Империяны басқарыў ҳаққында»

атлы сиясий трактатында қанғар аты менен барлық печенеглер емес, ал тек үш тийкарғы, басқарыўшы қәўимлери (аймақлар) аталатуғынлығын айтады: Иавдиирти, Куарцицур ҳәм Хавуксингила (Константин, 159). Яғный Қанғар печенеглердиң басқа қәўимлерине қарағанда ғайратлы, ийгиликли деген мәнини аңлатқан.

Араб тилиндеги «Китаб ал-масалик ва-л-мамалик» китабының авторы Ибн Хордадбек Қанғар атамасы Сырдарьяның бир атамасы екенлигин келтиреди (Ибн Хордадбек, 337). С.П.Толстов өзиниң «Древний Хорезм» атлы мийнетинде Қанғты Хорезм менен байланыстырған ҳалда үйренеди (Толстов, 1948, 22-23, 224-225), яғный Авесто, Шахнамадағы келтирилген мағлыўматларға ҳәмде Қытай, Хинд дереклерине сүйене отырып Қангху, Кангюй Хорезмниң арқа шығысында болғанлығын, бул атаманың усы жердеги қала, дарья атлары менен байланысын, ҳәмде Қаңлы деп усы аймақта жасаған урыў-қәўим аталғанлығын келтирип өтеди. Солай етип, печенег-қанғарлардың тийкарғы ўатаны Арал бойлары деп жуўмақ жасаўға болады. П.Голубовский Константин Багрянородныйдың мағлыўматларына тийкарлана отырып печенеглер қаңлылардан келип шыққанлығын ҳәм печенег атамасын олар Европаға барғаннан кейин алады деген пикирди айтады (Годубовский, 1889, 34). Изертлеўши алым П.Ф.Сумо Страбон, Птолемей, Мел, Плинейдиң мийнетлеринде Пацинак атамасы кертирилмейди, буның себеби печенеглер сол ўақытлары басқа атама менен аталған болыўы мүмкин, яғный Константин Багрянородныйдың мағлыўматларына сүйене отырып олар Қанғар деп аталған болыўы мүмкин деп келтиреди (Сумо, 1846, 6). Сондай-ақ, П.Ф.Сумо Геродоттың Гандария деп аталыўшы халық ҳаққында берген мағлыўматларын келтиреди. Онда айтылыўынша, Гандария халқы перс патшасы Дарийға салық төлеп отырған, Дадик, Согд, Хорезмлилер менен бирге Ксеркс әскерлери қатарында болған, өткир ушлы бас кийими, келте найзалары ҳәм оқ жайлары болған. Ал, Плиний менен Мтолемей жумысларында Кардар, Кандар атлары ушырасады. Солай етип, П.Сумо ҳәр қыйлы дерекдерде ушырасатуғын Кангар, Гандария, Кандар атамалары арасында үлкен парқ жоқ ҳәм булар бир халық деген жуўмаққа келеди (Сумо, 1846, 7).

С.Ш.Кляшторный Ибн-Фадландағы, Абу Далауфтағы ҳәм К.Багрянородныйдағы печенеглер ҳәм хангакишлер ҳаққындағы тәрийплер бир бирине туўра келиўине қарап отырып орхон жазыўларындағы кенгерес, К.Багрянородныйдағы кангарлар ҳәм ал-Идрисидағы хангакишлар булар бир этнонимниң ҳәр қыйлы вариантлары екенлигин айтады (Кляшторный, 1951, 62).

Ал қаңлылар белгили болғанындай қыпшақлар менен орта әсирлерде тығыз байланыста болған (Бартольд, 1968, 87 бет), айрым дереклерде қаңлылар қыпшақлардың урыўлық дизиминде болғанлығы айтылады. Сондай-ақ, қаңлылар ҳәзирги күнде қарақалпақлардың урыўлық дүзиминде сақланып киятырған үлкен руўлардан есапланады. Қаңлы урыўының 11 тийреге бөлингенлигине қарап отырып оның ертеде өз алдына үлкен урыў-қәўим болғанлығын билиўге болады, сондай-ақ, бул Т.Жданко тәрепиненде үйренилип тастыйқланған (Жданко, 1950, 178).

Улыўма айтқанда, печенеглер менен қыпшақлардың ҳәр тәреплеме байланыслары ҳаққында көплеп мысаллар келтириў мүмкин, ҳәм сол арқалы бул орта әсирдеги еки халықтың да қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўинде роли үлкен екенлигин айтыўға болады.

**Пайдаланылған әдебиятлар.**

1. Бартольд В.В. Двенадцать лекций по истории турецких народов Средней Азии // Соч. Т. V. – М., 1968.
2. Голубовский П. Печенеги, торки и половцы до нашествия татар. История южно-русских степей. Киев, 1884. Стр. 34
3. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. Родоплеменная структура и расселение в XIX – начале XX века. АН СССР. М.Л. 1950. 178 с.
4. Ибн Хордадбек «Книга путей и стран» / Перевод с арабского, комментарий, исследование, указатели и карты Наили Велихановой. – Баку: Элм, 1986. Стр. 337
5. Кляшторный С. Г., Кангюйская этно-топонимика Орхонских текстов, Советская этнография, No 3, 1951, стр. 62
6. Кляшторный С.Г. История Центральной Азии и памятники рунического письма. – СПб. Санкт-Петербург. 2003, стр. 212
7. Константин Багрянородный Об управлении империей. – М.: Наука, 1989. Стр. 159
8. Сумо П.Ф. Исторические рассуждения о происхождении народов, населявших в средние века Польшу, Россию и земли между Каспийским и Черным морем, также Европейскую Турцию на севере от Дуная. М., в Универ. Тиграфии. 1846.
9. Тостов С.П. Древний Хорезм Опыт историко-археологического исследования. Москва, Издание МГУ. 1948.
10. Толстов С.П. По следам древнехорезмийской цивилизации М.Л. 1948 с.328